# QARAQALPAQSTAN SÚWRETLEW HÁM ÁMELIY-BEZEW ÓNERLERI ARQALÍ STUDENTLERDIŃ KÓRKEM DÓRETIWShILIK QÁBILETLERIN RAWAJLANDÍRÍW MODELI

**T.V.Urazimova –** *kórkem-óner tanıw ilimleriniń kandidatı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# МОДЕЛЬ РАЗВИТИЯ ХУДОЖЕСТВЕННО-ТВОРЧЕСКИХ СПОСОБНОСТЕЙ СТУДЕНТОВ ЧЕРЕЗ ИЗОБРАЗИТЕЛЬНОЕ И ПРИКЛАДНОЕ ДЕКОРАТИВНО-ПРИКЛАДНОЕ ИСКУССТВО КАРАКАЛПАКСТАНА

**Т.В.Уразимова** – *кандидат искусствоведения, доцент*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# A MODEL FOR DEVELOPING STUDENTS' ARTISTIC AND CREATIVE ABILITIES THROUGH THE FINE AND APPLIED DECORATIVE ARTS OF KARAKALPAKSTAN

**T.V.Urazimova** – *candidate of art history, associate professor*
*Nukus State Pedagogical Institute named after Ajiniyaz*

**Tayanch so'zlar:** badiiy-ijodiy qobiliyat, tasviriy san'at, dekorativ-amaliy san'at, ijodiy salohiyat, individuallikni shakllantirish, estetik did.

**Rezyume.** Maqola Qoraqalpogʻiston tasviriy va amaliy-bezak san'atlari asosida talabalarning badiiy-ijodiy qobiliyatlarini rivojlantirish modeliga bagʻishlangan. Tasviriy va amaliy san'atlarini oʻrganish ijodiy salohiyatni boyitadi, utilitar funksiyani badiiy funksiya bilan birlashtirishga oʻrgatadi, individuallikni shakllantiradi. Bundan tashqari, amaliy-bezak san'atiga oʻrgatish jarayonida shaxsda estetik did, nostandart tafakkur, kuzatuvchanlik, funksional va chiroyli buyumlar yaratish orqali oʻz-oʻzini anglash koʻnikmalari rivojlanadi.

**Ключевые слова**: художественно-творческие способности, изобразительное искусство, декоративно-прикладное искусство, творческий потенциал, формирование индивидуальности, эстетический вкус.

**Резюме.** Статья посвящена модели развития художественно-творческих способностей студентов на основе изобразительного и декоративно-прикладного искусств Каракалпакстана. Изучение изобразительного и декоратив-но-прикладного искусств обогащает творческий потенциал, учит сочетать утилитарную функцию с художествен-ной, и формирует индивидуальность. Помимо этого, в процессе обучения декоративно-прикладному искусству у индивидуума развивается эстетический вкус, нестандартное мышление, наблюдательность и навыки самореализа-ции через создание функциональных и красивых предметов.

**Key words:** artistic and creative abilities, fine arts, decorative and applied arts, creative potential, formation of individ-uality, aesthetic taste.

**Summary.** The article is devoted to the model of developing students' artistic and creative abilities based on the fine and decorative-applied arts of Karakalpakstan. Studying fine and decorative arts enriches creative potential, teaches us to combine utilitarian function with artistic function, and shapes individuality. In addition, during the process of teaching dec-orative and applied arts, an individual develops aesthetic taste, non-standard thinking, observation skills, and self-realization skills through creating functional and beautiful objects.

**Kirisiw.** Studentlerdiń kórkem dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw – bul shaxstıń qáliplesiwindegi áhmiyetli basqısh bolıp, onda tiykarǵı itibar átiraptaǵı dúnya menen tanısıw hám beyimlesiwge qaratıladı. Biraq bilim dúnyanı ashsa, dóretiwshilik onı hár qıylı jaǵdaylarda qollanıwdı úyretedi. Studentlerdiń kórkem ónerge qábiletin rawajlandırıw modeli úsh basqıshtan ibarat: teoriyalıq (súwretlew hám ámeliy kórkem ónerler tiykarları, tariyxı hám túrlerin úyreniw), ámeliy (texnikalardı ózlestiriw, dóretpeler jaratıw) hám refleksiv (nátiyjelerdi analizlew hám bahalaw, ózin-ózi rawajlandırıw). Bunnan gózlengen maqset – studentlerde dóretiwshilik pikirlew, estetikalıq talǵam hám ózlestirilgen kónlikpelerdi turmısta qollanıw kónlikpelerin qáliplestiriw, sebebi ámeliy-bezew kórkem óner turmıs penen tıǵız baylanıslı bolıp, kúndelikli turmıs ushın estetikalıq áhmiyetke iye buyımlardı jaratadı. Jumıstın tiykarǵı basqıshları: teoriyalıq basqısh (súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerin tariyxı hám túrlerin úyreniw; hár túrli texnikalar (oymashılıq, naǵıs salıw, kesteshilik, quyıw, naǵıs oyıw) hám materiallar (gúlal, metall, toqımashılıq, aǵash) menen tanısıw; kórkem óner dóretpeleriniń ideyaları hám formaların talqılaw; ámeliy basqısh (studentlerdiń kórkem óner texnikası hám usılların iyelewi; dóretiwshilik tapsırmalardı orınlaw: eskiz, model, real buyımlar islew; dóretiwshilik procesinde materiallar menen islew kónlikpelerin, standart emes pikirlew hám erkinlikti rawajlandırıw); refleksiv basqısh (jaratılǵan jumıslar hám óz iskerligin talqılaw hám ózine baha beriw; nátiyjelerdi talqılaw, kúshli hám kúshsiz táreplerin anıqlaw; kórkemlik qábiletlerdi bunnan bılay da rawajlandırıw ushın jańa maqsetler qoyıw).

Súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri quralları arqalı studentlerdiń kórkemlik qábiletin rawajlandırıw metodologiyası klassikalıq usıllar, standart emes usıllar hám real turmıs penen baylanıstırıw tiykarında kompleksli qatnastı óz ishine aladı. Model kórkem ónerdiń tiykarǵı quralların (kompoziciya, reń, sızıq, kólem) úyretiw, hár túrli materiallar menen izleniw hám ámeliy islew arqalı dóretiwshilik pikirlewdi rawajlandırıw, kórkem ónerdi turmıs buyımları hám qorshaǵan ortalıq penen baylanıstırıw arqalı dúnyanı estetikalıq kózqarastı qáliplestiriwdi óz ishine aladı. Studentlerdiń kórkem ónerge baylanıslı qábiletlerin rawajlandırıw metodologiyasınıń tiykarǵı komponentleri obrazlı-assosiativ pikirlew, obrazlı-associativ qıyal hám dekorativ-ámeliy qábiletler esaplanadı. Bul bloklar dúnyanı dóretiwshilik penen ózgertiw qábiletin, standart emes pikirlewdi, individuallikti, baqlawshılıqtı rawajlandırıwdı, sonday-aq, materiallar menen islew hám estetikalıq jaqtan tolıq kórkem ónimler jaratıwdı óz ishine aladı.

**Tiykarǵı bólim**. Qaraqalpaqstan súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri quralları arqalı studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw modeli hám texnologiyası Ózbekstan Respublikası bilimlendiriw sistemasınıń túrli dárejelerinde ámelge asırıwdıń joqarı perspektivalarına iye.

1. Izertlewler joqarı oqıw orınlarınıń real sharayatları súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerdiń pánler aralıq baylanısların tabıslı alıp barıw imkaniyatın beredi degen pikirdi tastıyıqladı. Tariyx, ádebiyat, muzıka menen baylanıslılıq studentlerdiń estetikalıq talapların qáliplestiriwdiń nátiyjeli quralı, Qaraqalpaqstan súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerinde bolǵan qızıǵıwshılıq hám talaptı qáliplestiriwdiń quralı bolıp tabıladı, sebebi bunday pedagogikalıq usıl oqıwshılardıń gózzallıq haqqındaǵı ulıwma túsiniklerin, ámeldegi buyımlar hám hádiyselerdiń sáykesligin sezilerli dárejede keńeytiw hám sonıń menen birge, bul hádiyselerge differencial saylap qatnas jasawdı ámelge asırıw, studenttiń individuallıǵın rawajlandırıwdı ámelge asırıw imkaniyatın beredi.

2. Kórkem óner ónimlerin islep shıǵarıw hám miynet bazarı menen tıǵız baylanısta bolǵan kórkem óner bilimlendiriw sisteması komponentleriniń integraciyası úzliksiz bilimlendiriw sistemasın jaratıwdı támiyinleydi hám studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıwdıń áhmiyetli pedagogikalıq shárti bolıp esaplanadı.

3. Kórkem-dóretiwshilik qábiletlerdi rawajlandırıw studentlerdiń unamlı motivaciyasın qáliplestiriw, ilimiy-teoriyalıq tayarlıqtı ámeliy óz betinshe jumıs penen úzliksiz baylanıstırıw hám sońǵı unamlı nátiyjege erisiw shárti menen tabıslı ámelge asırıladı. Oǵan oqıtıwshı tárepinen joqarı dárejedegi dóretiwshilik talaplar menen optimal qıyınlıqtaǵı tapsırmalardı orınlawda studentlardiń miynet súygishligin, shıdamlılıǵın, jumısqa uqıplılıǵın tárbiyalaw arqalı erisiledi.

4. Oqıtıw, tárbiyalaw hám kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwdıń integraciyalasqan pedagogikalıq texnologiyaları oqıtıw mazmunınıń studentlerdiń ámeliy kórkem iskerligi menen óz ara baylanıslılıǵın támiyinleydi. Bunday óz ara birge islesiwdiń nátiyjeliligin Qaraqalpaqstannıń zamanagóy súwretlew óneri hám qaraqalpaq xalqınıń ámeliy-bezew ónerileriniń tariyxıy-mádeniy miyrasınıń pedagogikalıq baǵdarlanǵanlıǵı támiyinleydi.

5. Izertlew nátiyjeleriniń kórsetiwinshe, arnawlı tańlap alınǵan súwretlew hám ámeliy-bezew óner dóretpelerinen ruwxıy-dúnyalıq ideyalar, ádep-ikramlılıq mazmunın óz ishine alǵan halda sistemalı túrde paydalanıw qaraqalpaq xalqınıń dástúrleri, úrp-ádetleri, folklorı tiykarında student shaxsın tárbiyalaw dárejesin arttırıwǵa xızmet etedi. Súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerdi oqıtıwdıń hár qıylı metodikaları unamlı nátiyje beredi hám studentlerdi Qaraqalpaqstannıń etno-kórkem mádeniyatında tárbiyalawdaǵı wazıypalardı tabıslı sheshiwge járdem beredi.

6. Usınılǵan metodika boyınsha studentlerdi oqıtıw Qaraqalpaqstannıń súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri tiykarında olardıń kórkem-dóretiwshilik qábiletleriniń dárejesin kóteriwge ǵana emes, al ruwxıy bayıwına, kórkemlik talǵamınıń qáliplesiwine, texnikalıq bilimlerdi iyelewine, miynet kónlikpeleri menen uqıplılıǵınıń rawajlanıwına, miynetke psixologiyalıq hám ámeliy tayarlıq alıwına da múmkinshilik beredi.

7. Studentlerdi oqıtıwǵa dóretiwshilik penen qatnas jasaw olardıń kórkem-estetikalıq talǵamın, dóretiwshilik belsendiligin jáne de sapalı rawajlandırıwǵa, kórkem-dóretiwshilik talapların qáliplestiriwge, Qaraqalpaqstannıń súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

8. Qaraqalpaqstan súwretlew óneri tariyxı búgingi kúnde estetikalıq jaqtan jetik insannıń qáliplesiwine úlken tásir kórsetiwge uqıplı qáliplesken qubılıs bolıp tabıladı. Qaraqalpaq xalqınıń etno-kórkem mádeniyatı jaslardıń ruwxıy mádeniyatın qáliplestiriwde, estetikalıq rawajlanıwında shın mánisinde sheksiz keńliklerdi ashıp beredi. Studentlerdi Qaraqalpaqstannıń etno-kórkem mádeniyatı menen tanıstırıw, olardıń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw, jaslarda joqarı ádep-ikramlılıq hám mádeniyattı qáliplestiriwge xızmet etedi. Kórkem dóretiwshilik studentlerge erisilgen tabıslar menen toqtap qalmawǵa, bárqulla ózin-ózi jetilistiriwge, dúnyanı gózzallıq nızamları tiykarında ózgertiwge umtılıwǵa járdem beredi.

9. Qaraqalpaqstan etno-kórkem mádeniyatı ushın kórkem-dóretiwshilik qábiletlerdi rawajlandırıwda anıq kórkemlik kónlikpeler, uqıplar, qábiletlerdi rawajlandırıw jetekshi orındı iyelewi kerek.

Bul wazıypalardı ámelge asırıw ushın oqıw procesin tómendegi poziciyalardı esapqa alǵan halda dúziw maqsetke muwapıq:

- Qaraqalpaqstannıń súwretlew, ámeliy-bezew ónerleri sabaqları hám sabaqlarınıń gumanitarlıq baǵdardaǵı basqa pánler menen óz ara baylanıslılıǵın ámelge asırıw;
- Qaraqalpaqstan súwretlew, ámeliy-bezew óneri, ulıwma bilimlendiriw hám kórkem-estetikalıq tárbiyanıń insannıń emocionallıq-sezimlik tarawın bayıtıwǵa, xalıq kórkem óneri dóretpelerine bolǵan sezimlerin rawajlandırıwǵa, shaxstıń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa baylanıslı birge islesiwi;
- xalıq kórkem ónerin úyreniw tiykarında ámeliy-bezew ónerdi oqıtıwǵa sistemalı-kompleksli qatnastı ámelge asırıw mádeniyattıń zárúrli bólegi sıpatında kórkem ónerdiń barlıq tárepleri bir pútin bilimlendiriw mákanı sıpatında, bilimlendiriw sistemasında kórkem ónerlerdiń óz ara tásiri hám integraciyası tiykarında, olardı pánler boyınsha oqıtıwdı saqlap qalǵan halda esapqa alınıwı kerek.

Súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerdiń rawajlanıwı Qaraqalpaqstan mádeniyatınıń tiykarların saqlaw, óz xalqı, óz eli ushın maqtanısh sezimin ańlaw ushın zárúr. Qaraqalpaqstan súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri toplanǵan ruwxıy materiallıq tájiriybeni áwladtan-áwladqa jetkeriw kerekligi.

Tájiriybe juwmaqları Qaraqalpaqstannıń súwretlew, ámeliy-bezew pánler aralıq baylanısları studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw quralı ekenliginen derek beredi. Bunnan sonday juwmaq shıǵarıw múmkin, súwretlew, ámeliy-bezew óner sabaqları procesinde studentlerdiń dóretiwshilik belsendiligin qáliplestiriw, bilim beriw hám tárbiyalawdıń jańa forma hám metodların izlew bilimlendiriw sistemasında psixologiyalıq-pedagogikalıq metodlarǵa itibar qaratıwdı talap etetuǵın tiykarǵı baǵdarlar esaplanadı.

Qaraqalpaqstan etno-kórkem mádeniyatınıń studentlerdi estetikalıq tárbiyalawda, olardıń ruwxıy mádeniyatın qáliplestiriwde, kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwda, barlıq psixikalıq strukturalardı (kóriw sezimi, qıyal, este saqlaw, haqıyqatlıqqa bolǵan emocionallıq-sezimlik qatnas) rawajlandırıwda úlken imkaniyatları bar bolıp, olar birgelikte insan shaxsın belgileydi hám ózinde sáwlelendiredi.

Súwretlew óneri hám dástúriy ámeliy-bezew ónerleri tarawındaǵı bolajaq qánigelerdiń estetikalıq mádeniyatın qáliplestiriwdiń usınıs etilgen sistemasın pánler boyınsha islep shıǵılǵan avtorlıq baǵdarlamalar tiykarında qollanıw individual-dóretiwshilik, pedagogikalıq, mádeniy-aǵartıwshılıq jumıs wazıypaların professional túrde durıs sheshe alatuǵın hám bir waqıttıń ózinde zamanagóy jámiyettiń zamanagóy sociallıq-mádeniy hám ekonomikalıq mákanına plastikalıq túrde kirip barıw hám beyimlesiwde ayrıqsha qábiletke iye bolǵan belsendi pitkeriwshi shaxsın qáliplestiriw imkaniyatın beredi [1:177-179].

Ótkerilgen izertlewdiń májbúriy sheklewleri qatarında kóp sanlı beyimlestirilgen, diagnostikalıq metodikalardan paydalanıwdı atap ótiw múmkin, izertlewdiń maqset hám wazıypalarına sáykes keletuǵın basqa metodikalardıń bolmaǵanlıǵı sebepli pedagogtıń studentlerde estetikalıq dúnyaǵa kózqarastı qáliplestiretuǵın individual-psixologiyalıq ózgeshelikleri tolıq kórip shıǵılmaǵan, bul bolsa kóp nárseni qamtıp alıwdıń múmkin emesligi menen baylanıslı. Bul basqa bir izertlewshi ilimiy jumısınıń mazmunı bolıwı múmkin. Qaraqalpaqstannıń súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri quralları arqalı studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw boyınsha keleshektegi izertlewlerde jaslarda onı qáliplestiriw ushın unamlı hám unamsız áhmiyetke iye bolǵan ishki psixikalıq sharayatlardı qarap shıǵıw oǵada áhmiyetli.

**Juwmaq.** Qaraqalpaqstannıń súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri quralları arqalı studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw mashqalasın tolıq qarap shıǵıwǵa dawa etpegen halda, bul izertlew, biziń pikirimizshe, házirgi hám oǵada quramalı dúnyamızda hár qıylı kórkem óner túrleriniń shaxstıń qáliplesiwi hám rawajlanıwına tásirin keńnen izertlew ushın rawajlandırıwdıń mazmunı, formaları, metodları hám qurallarıń pedagogikalıq jaqtan izlewdiń baslanǵısh noqatı bolıp tabıladı. Studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıwda Qaraqalpaqstan súwretlew hám ámeliy-bezew ónerlerinen paydalanıw boyınsha izertlew jumısların ele de rawajlandırıwdı maqsetke muwapıq dep esaplaymız. Usı múnásibet penen izertlewdiń keyingi baǵdarları tómendegiler bolıwı múmkin: studentlerdi joqarı oqıw ornında tayarlaw procesinde olardıń kórkem-estetikalıq mádeniyatın arttırıwda joqarı oqıw ornı hám kásiplik tarawdıń óz-ara birge islesiwi; joqarı oqıw ornında studenttiń kórkem-estetikalıq mádeniyatınıń jeke ósiwin sociallıq-pedagogikalıq jaqtan qollap-quwatlaw; studenttiń kórkem-estetikalıq mádeniyatın qáliplestiriwde ustaz-pedagoglardıń rolin arttırıw; studentlerdiń auditoriyadan tısqarı jumısı hám onıń Qaraqalpaqstan súwretlew hám ámeliy-bezew ónerleri quralları menen studentlerdiń kórkem-dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıwǵa tásiri hám basqalar. Studentlerdiń kórkemlik qábiletin rawajlandırıwdıń belgilengen modelin qollanıw nátiyjesinde tómendegilerge iye boldıq: studentlerdiń dóretiwshilik oy-pikir hám qıyalınıń ósiwi; estetikalıq talǵamı hám gózzallıq seziminiń ósiwi; kórkemlik elementlerin real turmıs hám turmısta kóre biliwi hám qollana alıwı; óz betinshe dóretiwshilik jumıs alıp barıw kónlikpeleri hám intakerliginiń ósiwi.

## Ádebiyatlar

1. Свешников А.В. Композиционное мышление. Анализ особенностей художественного мышления при работе над формой живописного произведения: учеб. пособие для студентов художественных факультетов. – Москва: «Университет», 2009.